

Esperanto ni ururimi rushimishije, rufise umuryango ukomeye uruvuga mu bihugu birenga 130 kw'isi. Ibigize uburyo bwisangije bw'ibintu bwahujwe no kurandura izo ngorane z'indimi zidatanga intererano mubutunzi bw'ururimi. Izi ngingo zitanga ururimi hagati y'incuro 5 na 10 z'ingirakamaro kwiga kuruta indimi kavukire. Ururimi nk'urwo rukwiriye bidasanze gukoreshwa kurwego mpuzamakungu.

Esperanto ni ururimi rufise umuco warwo, rwakozwe mu myaka y' 130 n'umuryango waruvugaga. Inama amajana zarabaye kandi zikomeza kubera hirya no hino kw'isi - mu karere, mu karere, mu gihugu, ku mugabane no kw'isi yose. Vyongeye kandi, ni ikiraro c'agaciro hagati y'umuco w'igihugu, cane cane ururimi rutavugwa. Intumbero ni ugushigikira izo ndimi no kongereza ubutunzi bw'indimi n'umuco kw'isi yacu.

Esperanto ni ururimi rwiza, kubera ko rushobora kugera kuri buri wese - ntabwo ari abafise amikoro, imibonano n'igihe co kwiga indimi z'amoko. Ishira abantu mu rwego rumwe kandi igaha buri wese uburenganzira bwo kuganira kw'amahanga.

Esperanto ni ururimi rw'ugurura isi kubanyeshure n'abaruvuga. Abenshi mubaruvuga bafise imyizero y'intango kandi bivuye ku bwumvikane mpuzamakungu no kwihanganiranira ku mico itandukanye.

Esperanto - muri make: ururimi rushimishije, umuco n'ubutungane nu rurimi rusangi.



Universala Esperanto-Asocio  
en oficialaj rilatoj kun UN kaj Unesko

Association Nationale d'Esperanto au Burundi « ANEB »  
BP : 170 Rumonge-Burundi  
E-mail : [apmanirakiza@gmail.com](mailto:apmanirakiza@gmail.com)  
Tél : +257 79813485  
Siège social : Quartier Kanyenkoko au Centre d'Espéranto,  
Ordonnance Ministérielle : 530/881 du 13/09/2006